Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, БекьичIого,лъилъе,ниль гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.




# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 13 (6949) 2 апрель 2025 с. АрбагI Шавал 1446 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе Сергей Меликовасул цIаралдаса ифтIар

### КIалалги риччана, сайгъаталги щвана

**Бакълъул мухъалъул бетIер Гъалип Гъалипов гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул цIаралдаса АхIулгохI аскIоб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе гIуцIараб ифтIаралда.**










Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна ДРялъул Халкъияб Собраниялда Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул вакиллъун вугев Нусрет ГIумаровас, Унсоколо районалъул нухмалъулев ГIиса НурмухIамадовас, АГиПялъул нухмалъулесул кумекчи АхIмад ГIабдуразакъовас, Миннацалъул Управлениялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, Бакълъул районалда бугеб «МугIрузул ракIалдещвей» ДРООялъул нухмалъулев МухIамадгIали ХIажимухIамадовас, афгъанияв, ДРялъул жамгIияб палатаялъул гIахьалчи МухIамадрасул Сулеймановас ва цогидаз.

ИфтIаралде рачIараздехун гьабураб кIалъаялъулъ Гъалип Гъалиповас республикаялъул бетIерасе баркала кьуна хасаб операциялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кидаго гьабулеб квербакъиялъухъ. Тадбиралда гIахьаллъарал СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе Дагъистаналъул бетIерасул цIаралдаса сайгъаталги кьуна.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Пушкинил карта рагьи, сахлъи цIуни, диниял идарабазе документал гьари...

### Бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизариялъул бицана

**2025-абилеб соналъул 24-абилеб марталда Гумбет районалъул администрациялда анкьалъул хIасилал гьарураб, медицинаялъул, лъайкьеялъул, социалияб рахъалъ хъулухъ гьабиялъул ва цогидал суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Гьелда гIахIаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, батIи-батIиял идарабазул вакилзабаз.**

Дандеруссиналъул байбихьуда районалъул нухмалъулес аслияб кIвар буссинабуна диниял идарабазе документал гьариялъул хIалтIи хехго рагIалде бахъинабизе хIажат букIиналде.

Бакълъулазул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаевас, районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас, Централияб районалъул больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель Зайнаб Насрулаевалъ, лъайкьеялъул управлениялъул специалист Загьра ГIабдулаевалъ ва цогидаз араб анкьалъ гьабураб хIалтIул бицана.

Бакълъул районалъул маданияталъул ва библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас «Пушкинская карта» абураб программа районалда нухдаинабиялъул бицана.

(Ахир - 2 - аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Армиялда хъулухъ гьаби – гIолохъабазул борч
- 2 гьум.



Гъалип Гъалипов: «Рищиял тIоритIизе ккола тIадегIанаб даражаялда, къанунал хвезаричIого»
- 2 гьум.



«Дуе рецц, ВатIан цIунулев»
- 2 гьум.



ХIамзат ГIизудинов: «СВОялъул мухъалде патриотикияб литература битIула»
- 2 гьум.

БАРКИ

## Баркула кІалбиччаялъул гІид

### ГІибадат къабул гъабеги

**Хириял диналъул вацал ва яцал! Ахиралде щвана жинда жаниб хирияб Къуръан рещтІараб, Лайлатул къадриялъ кІодо гьабураб Рамазан моцІ. Гьеб моцІ лъугІидал, бусурбабаз кІодо гьабула кІалбиччаялъул гІид ва Аллагьасда гьарула хирияб Рамазан моцІалъ ккурал киназулго кІалал, рарал какал, гьабураб лъикІаб гІамал къабул гьабеян.**

Баркула киназдаго гьеб кІалбиччаялъул гІид! Хириял Ражаб, ШагІбан ва Рамазан моцІаз гьарурал лъикІал гІамалалги киназулго къабул гьареги, гьел хадусел моцІаз цІикІкІинаризе тавпикъги кьеги. БетІергьанас киназулго гІидалъул какалги, рахъарал сахІалги, кьураб садакъаги къабул гьабеги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер**
**Гьалип Гьалипов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Пушкинил карта рагьи, сахлъи цІуни, диниял идарабазе документал гьари...

**(Байбихьи - тІоцебесеб гьум.)**

«Гьеб карта пачалихъалъ кьолеб буго гІолилазда гьоркьоб культуриябгун лъай кьеялъул тадбираздехун бугеб гьира цІикІкІинабиялъул мурадалда.

Карта рагьизе бегьула «Госуслуги» порталалдасан, «Почта» банкалдасанниги. 14 сон баралдаса 22 соналде щвезегІан рехизе буго пачалихъалъ картаялде 5000 гІарац. ГІарцул къадар хадусел соназ хисизеги бегьула. Харж гьабизе ккола гьаб сон лъугІилалдего, гурони гІарац хадуб хІалтІизабизе рес букІунаро, бачІунеб соналде буссинабуларо. Данделъиялъул ахиралда Гьалип Гьалиповас хитІаб гьабуна бакълъулазул гІумрудул шартІал лъикІлъизелъун ракІбацІцІадго хІалтІеян.

**Зугьра ГІабдулкъадирова**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

## Армиялда хъулухъ гьаби – гІолохъабазул борч

### Призывалъулаб заманалда дандчІвалел гІунгутІабазул бицана

**Ихдалилаб армиялде васал ахІиялъул хІалтІи гІуцІиялъул суалал гьоркьор лъураб данделъиялда гІахьаллъана бакълъулазул бетІер Гьалип Гьалипов. Гьеб тадбир тІобитІана ДРялъул ХІинкъи гьечІолъиялъул Советалъул секретарь МухІамад Бачиловасул нухмалъиялда гьоркь.**



Гьединго данделъиялда гІахьаллъана Дагъистаналъул рагъулав комиссар ГІабдурахІман Мурадханов, муниципалитетазул, шагьаразул вакилзаби ва цогидал. Данделъиялда гьоркьор лъун рукІана армиялде ахІиялъул хІалтІиялда хурхун раккулел аслиял захІматал суалал.

Гьалип Гьалиповасул рагІабазда рекъон, тадбиралда гьединго бицана Россиялъул Минобралъулгун кьотІи-къай гьабун рагъулаб борч борхизе аразе ругел бигьалъабазул, гьабулеб кумекалъул. Ихдалилаб армиялде гІолилал ахІиялъул хІалтІи байбихьизе буго 1-себ апрелалда ва халат бахъине буго 2025-абилеб соналъул 15-абилеб июлалде щвезегІан. Абизе ккола 2024-абилеб соналъ призывалъул хІалтІи Бакълъул ракьалда къиматаб даражаялда гІуцІун букІана.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## Гьалип Гьалипов: «Рищиял тІоритІизе ккола тІадегІанаб даражаялда, къанунал хвезаричІого»

### Росабазул Собраниязде депутатал рищиялъул бицана

**Бакълъул мухъалъул бетІер, «Цогояб Россия» ВППялъул бакІалъулаб отделениялъул секретарь Гьалип Гьалиповас тІобитІана рищиязул кампаниялде хІадурлъиялъул суалал рорхараб данделлъи.**



Гьениб гІахьаллъи гьабуна «Цогояб Россия» ВППялъул Гумбеталъулаб бакІалъулаб отделениялъул жавабияв секретарь Шамсудин Шамсудиноваги, бакълъулазул бакІалъулаб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев МухІамадбег МухІидиновасги, ВКПРФялъул бакІалъулаб отделениялъул секретарь ГІумар ГІумаровасги.

«Рищиял тІоритІизе ккола тІадегІанаб гІуцІиялъулаб даражаялда, гІадатияб къагІидаялда, ракІбацІцІадго, къанунал хвезаричІого, гьабсагІаталда бугеб къанунalда рекъон», - ян абуна Гумбет мухъалъул бетІер Гьалип Гьалиповас.

Гьединго данделъиялда гьоркьор лъун рукІана рищиязул участкабазе техникияб кумек гьабиялъул суалалги. 2025-абилеб соналъул сентябрь моцІалда поселениязда тІоритІизе руго росабазул Собраниязде депутатал рищиял.

Дагъистаналъул нухмалъулев, «Цогояб Россия» ВППялъул регионалияб отделениялъул секретарь Сергей Меликовасги лъазабуна Дагъистаналда рищиял букІине кколеб даражаялда тІоритІизе кколин.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

ХІАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## «Дуе рецц, ВатІан цІунулев»

### Республикаялъулаб къецалъулъ гІахьаллъарал цІалдохъаби кІодо гьаруна

**«Гумбетовский район» муниципалияб районалъул нухмалъулев Гьалип Гьалипов дандчІвана «Дуе рецц, ВатІан цІунулев» абураб республикаялъулаб пасихІго кучІдул цІалиялъул къецалъул гІахьалчагІигун.**



Бакълъулазул бетІерас цебе рехсараб тадбиралда гІахьаллъарал цІалдохъабазе конкурсалъул сертификатал кьуна. Гьедин, шапакъатал щвана МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул цІалдохъан ТІалхІат Нуцалхановасе, мелъелдерил аслияб школалъул цІалдохъан Сайгибат ГІизраиловалъе, МелъелтІа росдал гьоркьохъеб школалъул вакил ПатІимат Нуцалхановалъе. Гьел хІадур гьарурал мугІалимазе баркалаялъул кагъталги кьуна.

Шапакъатал кьеялъул тадбиралда гьединго гІахьаллъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул хІалтІухъан Загьра ГІабдулаева, МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул директор Зульфия ХІажимурадова ва цогидал.

Гьалип Гьалиповас баркала кьуна лъималазе ва гьезул нухмалъулезе республикаялъулал конкурсазда Бакълъул район къиматаб даражаялда бихьизабуралъухъ.

**Зугьра ГІабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## ХІамзат ГІизудинов: «СВОялъул мухъалде патриотикияб литература битІула»

### «ЖамгІияб мурад» передачаялда гІахьаллъана

**«Дагъистан» телеканалалъул маданиятиялъул хІалтІухъабазул къоялда хурхун хІадур гьабураб**




**«ЖамгІияб интерес» абураб ток-шоуялда гІахьаллъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гІуцІиялъул авар секциялъул нухмалъулев, «Гумбет» медиагруппаялъул, республикаялъул «Гьудулъи» журналалъул редактор ХІамзат ГІизудиновас.**

Гьес бицана 2024-абилеб соналда авар секциялъ нухдаинабураб хІалтІул ва 2025-абилеб соналде ругел планазул хІакъалъулъ. «ХъахІаб росулъа МахІмуд гьавуралдаса 150 сон иналъул хІурматалда тІобитІана кІудияб тадбир. Дагъистаналъул адабияталъе кьучІ лъуразул цояв, Инхоса ГІалимчи ва философ ГІали-ХІажи гьавуралдаса 180 сон тІубаялда бан тадбирал гІуцІулел руго.

Николай Некрасовас хъван букІана шагІир гражданинги вукІине кколилан. Гьединлъидал Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гІуцІиялъ тІоцересел къояздасаго квербакъи гьабулеб буго СВОялъул рагъухъабазе.

Нижеца гІахьаллъи гьабула ВатІан цІунулезе гуманитариябкумек бакІариялъулъ ва битІиялъулъ, гьединго хасал рагъулаб операциялъул мухъалде ритІула патриотикияб литература: тІахьал, газетал, журналал. Кидаго цІакь кІвар бугеб жо ккола идеологиялъулгун информациялъул рахъалъ бергьенлъи боси.

Дунгоги щвана гуманитарияб кумекгун спецоперациялъул мухъалде, дандчІвана ВатІан цІунулелгун ва Донбассалдаса гьалмагъзабигун. ДНРялде ва ЛНРялде сапаралъул заманалда бижараб «Донбассалъул зоб» абураб кечI периодикияб басмаялда бахъана.

2025-абилеб соналъ гьединго кІодо гьаризе руго хъвадарухъан-фронтивик Ражаб ДинмухІамаев гьавуралдаса 120 сон ин, КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчи, шагІир ва драматург ГІабдулмажид Хачаловас 100 сон бай ва цогидал авторазул юбилеял», - ян бицана ХІамзат ГІизудиновас.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Ингиши»

*Решение*

**25.12.2024 г.** **№ 38**

**Собрание депутатов решает:**

Утвердить проект бюджета сельского поселения «Село Ингиши» на 2025 год и на плановый период 2026-2027 гг.

**Доходная часть:**

| № | Доходы | 2025 г. | 2026 г. | 2027 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 2516,5 | 1962,9 | 1962,9 |
| 2 | Собственные доходы | 105,0 | 105,0 | 105,0 |
| 3 | Субвенция | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| | | | | |
| | **ИТОГО:** | **2828,2** | **2291,9** | **2300,8** |

**Расходная часть**

| № | Наименование учреждения | 2025 г. | 2026 г. | 2027 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Глава администрации | 691,0 | 651,0 | 651,0 |
| 2 | Аппарат управления | 1245,0 | 921,9 | 921,9 |
| 3 | Культура | 625,0 | 480,0 | 480,0 |
| 4 | ВУС | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| 5 | Ф/К и спорт | 5,0 | 5,0 | 5 |
| 6 | Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5 |
| 7 | ЖКХ (благоустройство) | 25,5 | 5,0 | 5,0 |
| 8 | Резервный фонд | 25,0 | 0 | 0 |
| | **ИТОГО:** | **2828,2** | **2291,9** | **2300,8** |

**Председатель**
**сельского Собрания** **Загиров З. М.**

# Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

## Решение № 102

**От 19 марта 2025 г.** **с. Мехельта**

**О проекте Решения Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район»**

**На основании статьи 44 Устава муниципального района «Гумбетовский район» с целью приведения Устава муниципального района «Гумбетовский район» в соответствии с Федеральными законами от 15.05.2024 № 99-ФЗ, от 13.12.2024 № 471-ФЗ, вносящими изменения в Федеральный закон от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов МР «Гумбетовский район»**

**Решает:**

Принять прилагаемый проект Решения Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» за основу.

Главе муниципального района «Гумбетовский район» опубликовать проект Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» в районной газете «Гумбет» и на официальном сайте МР «Гумбетовский район».

**Председатель Собрания депутатов**
**С. М. Узайиров**

**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Г. И. Галипов**

**Приложение**
**к решению Собрания депутатов МР «Гумбетовский район»**

**Проект Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав МР «Гумбетовский район»**

С целью приведения Устава муниципального района «Гумбетовский район» в соответствии с Федеральными законами от 15.05.2024 № 99-ФЗ, от 13.12.2024 № 471-ФЗ, вносящими изменения в Федеральный закон от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов МР «Гумбетовский район»

**Решает:**

I. Внести в Устав муниципального района «Гумбетовский район» следующие изменения:

**В статье 6:**

пункт 13 части 1 после слов «субъекта Российской Федерации),» дополнить словами «организация предоставления дополнительного образования взрослых по дополнительным образовательным программам спортивной подготовки в муниципальных образовательных организациях,»;

**В статье 28:**

часть 1 дополнить пунктом 9.2 следующего содержания:

«9.2) приобретения им статуса иностранного агента;»;

**В статье 50:**

часть 7 изложить в следующей редакции:

«7. Органы местного самоуправления могут выступать соучредителями межмуниципального печатного средства массовой информации и сетевого издания.»;

**В статье 69:**

часть 2 дополнить пунктом 4.1 следующего содержания:

«4.1) приобретение им статуса иностранного агента;».

II. Главе муниципального района «Гумбетовский район» в порядке, установленном Федеральным законом от 21.07.2005г. №97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований», представить настоящее Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан.

III. Главе муниципального района «Гумбетовский район» опубликовать Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» в течение семи дней со дня поступления с Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан уведомления о включении сведений о муниципальном правовом акте о внесении изменений в устав муниципального района в государственный реестр уставов муниципальных образований субъекта Российской Федерации, предусмотренного частью 6 статьи 4 Федерального закона от 21 июля 2005 года N 97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований»».

IV. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования, произведенного после его государственной регистрации.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

# Будьте бдительны в пожароопасный период!

**Уважаемые жители Гумбетовского района! Одной из основных задач в наступивший пожароопасный сезон является защита населённых пунктов и леса от пожаров. Мы все должны принять самое деятельное участие в их предотвращении. К сожалению, из-за безответственного отношения отдельных лиц экстремальные ситуации, связанные с огнём, стали возникать всё чаще, а их последствия – все тяжелее.**




В связи с этим обращаюсь к вам с просьбой быть предельно осторожными и внимательными. В пожароопасный период просьба воздержаться от посещения леса, не разводить костры и не сжигать сухостой и мусор вблизи строений и в лесных массивах.

Главам сельских поселений необходимо ещё раз проверить состояние противопожарных систем и оборудования, организовать дежурство добровольцев, оперативно провести все необходимые противопожарные и профилактические мероприятия. Жителям необходимо содержать прилегающие к домам территории в чистоте от сгораемого мусора, сухостоя, обеспечить наличие запаса воды, соблюдать противопожарные разрывы между строениями, удалить сухую растительность, обеспечить безопасность при складировании грубых кормов. Просьба к родителям – проведите разъяснительную работу с вашими детьми по вопросам осторожного обращения с огнем. Не разрешайте им играть со спичками и другими пожароопасными предметами. Уважаемые земляки! Соблюдение мер пожарной безопасности – это залог вашего благополучия, сохранности здоровья и жизни, а также жизнь и здоровье ваших близких!

Дорогие гумбетовцы! Давайте будем предельно внимательны, бдительны, чтобы не допустить огненную стихию на нашей земле.

**Г. Ш. Хункарбиев,**
**начальник отдела по вопросам ГО, ЧС, ПБ и мобилизационной работе администрации МР «Гумбетовский район»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Патимат Алигаджиева удостоилась медали «За храбрость на СВО»

**Уроженка Гумбетовского района, участница СВО Патимат Алигаджиева по решению президиума ДРОО «Ополчение 1999» удостоилась медали «За храбрость на СВО».**




Алигаджиева училась в Дагестанском государственном медицинском колледже им. Р. П. Аскерханова. 17 мая 2023 года она заключила контракт о прохождении военной службы в зоне СВО в качестве операционной медсестры. Отметим, что она награждена медалью «За службу на Северном Кавказе». Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Патимат Алигаджиеву с наградой и пожелал всех благ.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

## Решение №35

**От 10 января 2025 г.** **с. Чирката**

**Об утверждении бюджета СП «Село Чирката» на 2025 год и на плановый период 2026-2027 годы**

**Выслушав мнение депутатов, Собрание депутатов сельского поселения «село Чиркатa», руководствуясь Бюджетным кодексом российской федерации, Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом сельского поселения «Село Чирката».**

**Решает:**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Село Чирката» на 2025 год в размере 4268,6 рублей, на 2026 год в размере 3444,6 рублей и на 2027 год в размере 3450,9 рублей.

**а) Доходы:**

| № п/п | Доходы | 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 3817,5 | 2977,8 | 2977,8 |
| 2 | Собственные доходы | 267,0 | 267,0 | 267,0 |
| 3 | Субвенция | 184,1 | 199,8 | 206,1 |
| | **ИТОГО:** | **4268,6** | **3444,6** | **3450,9** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| № | Наименование учреждения | 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Аппарат управления | 2601,4 | 2200,8 | 2200,8 |
| 2 | Культура | 775,5 | 826,0 | 826,0 |
| 3 | ВУС | 184,1 | 199,8 | 206,1 |
| 4 | Ф/К и спорт | 43,0 | 34,0 | 34,0 |
| 5 | Молодежная политика | 43,0 | 34,0 | 34,0 |
| 6 | ЖКХ | 140,0 | 150,0 | 150,0 |
| 7 | Доплата к пенсии | 267,0 | 0,0 | 0,0 |
| 8 | Резервный фонд | 100,0 | 0,0 | 0,0 |
| 9 | Выборы органов мест, само | 114,6 | | |
| | **ИТОГО:** | **4268,6** | **3444,6** | **3450,9** |

**Председатель сельского Собрания** **Магомедханов М. М.**
**Секретарь** **Абакаргаджиев Г. А.**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Налоговые льготы для участников СВО: кто имеет право и как оформить

**Правом получения налоговой льготы в Дагестане пользуется более 700 участников специальной военной операции.**

Управление ФНС России по Республике Дагестан напоминает, что ветераны боевых действий, участники специальной военной операции (СВО) и их семьи могут воспользоваться налоговыми льготами.

От налога на имущество физических лиц освобождается один объект капитального строительства определенного вида. Льгота предоставляется:

- Ветеранам боевых действий, включая участников СВО;
- Военнослужащим, мобилизованным по Указу Президента РФ от 21.09.2022 № 647;
- Добровольцам и их семьям, заключившим контракт о пребывании в добровольческом формировании, а также другим участникам СВО (подп. 9.1–9.5 п. 1 ст. 407 НК РФ).

Льготы по транспортному налогу устанавливаются региональными властями. Узнать о




них можно на сайте ФНС России.

Что касается земельного налога, то здесь налоговая база уменьшается на сумму кадастровой стоимости 600 кв. м одного земельного участка, принадлежащего ветерану боевых действий. Дополнительные льготы могут вводить муниципалитеты.

Подать заявление можно в любое время удобным способом:

- Через Личный кабинет налогоплательщика на сайте ФНС России;
- В МФЦ;
- По почте;
- Лично в налоговую инспекцию.

К заявлению необходимо приложить подтверждающие документы.Если налогоплательщик не подал заявление, льгота может быть назначена автоматически на основании данных, передаваемых в налоговые органы в рамках межведомственного взаимодействия.

Узнать информацию о льготах можно:

- В Личном кабинете налогоплательщика;
- В налоговом уведомлении (если налог рассчитан с учетом льготы);
- В уведомлении о перерасчете налога после предоставления льготы;
- В налоговой инспекции при обращении.

Актуальный перечень льгот можно посмотреть в сервисе «Справочная информация о ставках и льготах» на сайте ФНС России.

**Управление ФНС России по Республике Дагестан**

РИТМ ГУМБЕТА

# Осторожно: бродячие собаки

**Как бы красиво это не звучало, но достаточно часто человек предаёт даже себе подобных друзей, не говоря уже о братьях наших меньших. Оказавшись на улице, домашнее животное либо приспосабливается к новой среде**



**обитания, попутно дичая и озлобляясь, либо погибает. По старой памяти выжившие животные стремятся к еде и теплу, поэтому чаще всего их можно встретить на теплотрассах возле домов, или во дворах. Поскольку собака — близкий родственник волка, то чаще всего несколько бездомных животных, обитающих на одной территории, сбиваются в стаю. С каждым годом количество их растёт, и не без участия «защитников животных», для которых жизнь и здоровье человека на втором месте после собаки. Каждая дикая собака – это потенциальная опасность для человека.**

Потому что их в первую очередь надо рассматривать как переносчиков страшных смертельных болезней и как угрозу жизни и здоровья людей. Каждый может пострадать от собаки. Наиболее уязвимы маленькие дети. Бездомные собаки практически никогда не нападают на человека просто так, зная возможные причины, можно распознать опасность и избежать агрессивного поведения безнадзорных животных. Бездомная собака не проявляет интерес к человеку, она, скорее всего, не опасна и лучше попытаться пройти мимо нее, не обращая внимания. Если собака осторожно приближается, слегка повиливая хвостом, то это значит, что она надеется выпросить еду. Если собака двигается на вас рыча, при этом ее уши плотно прижаты к голове – это первый признак опасности. Не отвечайте агрессией и не пытайтесь ее спугнуть. Медленно уходите, не делая резких движений и не поворачиваясь к ней спиной, не делайте резких движений и тем более не убегайте. Если стая начинает вас облаивать, встаньте неподвижно спиной к дереву, забору или стене – так вы не дадите собакам вас окружить и сбить с ног. Постарайтесь сохранять хладнокровие, стойте в таком положении, пока стая не успокоится.

Далее постарайтесь начать медленное движение, без резких рывков, обязательно следите, чтобы собаки не обходили вас со спины. Плавно перемещайтесь, пока не уйдете за пределы их территории. Если на пути находится стая бездомных собак, то лучший совет – это изменить свой маршрут в обход собакам. Если это сделать невозможно, то проходить следует умеренным шагом, не делая резких движений. Собаки чувствительны к алкоголю, поэтому в нетрезвом состоянии не стоит встречаться с ними, лучше сделать крюк, но при этом сохранить свое здоровье, а может и жизнь. От нападающей собаки следует отбиваться подручными средствами, стараясь удержаться на ногах и при этом пытаясь защитить шею – это наиболее уязвимое место, укусы в которое могут привести к смерти. Укус бездомной собаки опасен возможностью заразиться бешенством. Если на вас напала и укусила собака, после оказания первой помощи немедленно обратитесь в медучреждение. Вас осмотрят и произведут необходимые манипуляции. Даже если это была собака с биркой в ухе, лучше показаться врачу, не надеясь на то, что данное животное точно прошло вакцинацию.

**М. А. Адилгереев, врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспонденталъ: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.